# Конспект занятий на тему: «Кушъэхапх»

***Воспитатель:***

***Ашинова З.Г.***

**Мурадыр**. Шэн-зэхэтык1э дахэу адыгэхэм ахэлъхэм сабыйхэр нэ1уасэ афэш1ыгъэнхэр, тилъэхъан щыбгъэфедэн плъэк1ынэу ахэтхэр, ахэм п1уныгъэ-гъэсэныгъэмк1э мэхьанэу я1эр алъыгъэсыгъэныр. Адыгэ лъэпкъым идэхагъэ, ишэн хэбзэ дахэхэр къизы1отык1рэ орэдхэр, усэхэр, хъохъухэр, гущы1эжъхэр сабыйхэм ягъэшЬгъэн, ш1у ягъэлъэгъугъэн, ахэр щы1эныгъэм щагъэфедэнэу егъэсэгъэнхэр.

**Кушъэхапхэр зэрэрек1ок1ыщтыр.**

Унэ к1оц1ыр дахэу зэ1эхыгъ. Ащ нахьыбэу итхэр ижък1э агъэфедэщтыгъэ хьакъу-шыкъу, 1эмэ-псымэ зэфэшъхьафхэр ары Пчэгум 1анэ ит.

Нанэ сабыир ы1ыгъэу щыс, к1элэп1ум к1элэц1ык1ухэр унэм къырещэх.

**К1элэц1ык1ухэр**: Уимафэ ш1у, нан!

**Н а н**. Шъопсэу, сиц1ык1ужъыех, шъукъеблагъ, моу шъукъыч1ахь, шъукъэт1ысых.

**К I э л э ц I ы к I у р**. Опсэу, нан. Тэ шъуадэжь непэ тыкъэк1уагъ кушъэхапхэ шъуи1эщтэу зэхэтхыгъэти. Теплъынэу ык1и тыхэлэжьэнэу тыфай.

**Нан**. Дэгъу, сик1элэц1ык1ух. Ар мэфэк1ышху, унагъомк1и л1акъомк1и: ц1ыфык1э къытхэхъуагъ, ар хъяр!

(ХьакЬхэр къехьэх)

**З ы х ь а к I э р**. Шъуимафэ ш1ух! Сыдэу хьэк1абэ ш1уи! Непэрэ кушъэхапхэр мэфэк1ышхо хъущт!

(К1элэц1ык1ухэр хьакЬмэ къафэтэджых, сэлам къарахыжьы).

**Нан**. Мыхэр тикушъэхапхэ еплъынхэу ык1и хэлэжьэнхэу къэк1уагъэх. Шъори шъукъеблагъэх, шъукъэт1ыс.

**Хьак1эмэ ащыщ**. Моу шъуипшъэшъэжъые тежъугъэплъ, нэ тедгъэфэщтэп (к1эрэхьэ, ынэ1у къырехы). Мэшэлахь Мырэу 1ээ дэдэм сыда фэшъуусыгъэр?

**Нан.** Ц1э дэхэ дэдэ фэсыусыгъ. Сэтэнай гуащэм фэдэу дахэу, 1ушэу, ц1эры1оу хъунэу Сэтэнай фэсыусыгъ.

**Х ь а к I э р**. Ыпэ пэт1ракъ.
Ыжэ жабгъо,
Цэ 1утэп.
Тфу, тфу, 1ээ дэд!

(Кушъэри, ащ илъын фаехэри нанэ къырахьылЬх).

**Нан**. Сипшъашъэ кушъэ дэхэ дэдэ фязгъэш1ыгъ, хъярба,унагъом хахъо и1эмэ, «Сабыищх макъэ зэрымы1ук1рэ унэм насып илъэп»,— а1о адыгэхэм. Ащ ип1ун илэжьын унагъом исыр зэк1э хэлажьэ. Сабыир къызыхъугъэр тхьамэфит1у зыхъук1э кушъэм хапхэ. 1ахьыли, благъи, гъунэгъуи къырагъэблагъэшъ, а мафэр мэфэкl аш1ы. Кушъэри къушъэ1ап1эу ащ илъыщтхэри шъэожъые зыхъук1э сабыим янэ ытыщхэм къагъэхьазыры, къарагъащэ.

Пшъэшъэжъыем икушъи икушъэ 1ап1эхэри янэжъ-ятэжъхэр ары зыгъэхьазырхэрэр. Сэри сипшъашъэ кушъи, кушъэ 1эп1э дахи фэзгъэхьазырыгъэх. Кушъэр зыхэш1ык1ыгъэр хьамыщунт1э чъыгыр ары, ар чъыг пытэ, чъыг мафэк1э алъытэ. Ащ фэдэ пхъэм хэш1ык1ыгъэ кушъэм ичъыик1рэ сабыир узынчъэу, ищыгъэу ыпкъ дахэу хъущтэу алъытэ.

Мыр кушъэ шъхьант (къарегъэлъэгъу). Мыщ илъыр ужъгъапl. Гъажъор ужъгъым дагъэк1мэ къытек1рэ п1оныр ары.

Мыхэр кушъэпсых, мыр нахь к1аку, ар ылъакъохэр рыупхынэу ары. Мыдрэр нахь к1ыхь, ащ ы1эхэр рапхы. Мыр кушъэ бэщ, кушъэпсхэр ращы. Мы шъхьэнтэ ц1ык1уищыр ы1ит1урэ ылъакъохэмрэ апай (къегъэлъагъох). Сабыир кушъэм хапхэным ыпэк1э чэтыур хагъэгъуалъхьэ хабзэ чэтыум фэдэу 1эш1оу чъыенэу. Мыщ фэдэ уси къыфа1о:

Кушъэм чэтыур щычъыягъ,
Чъые 1эш1ур къыринагъ,
Чъые 1эш1ур къыфэк1онэу
Сэ1ошъы сипшъашъэ кушъэм хэсэпхэ.
Уикушъашъхьэ мазэм пэш1эт,
Уикушъап1э дышъэ идагъ,
Дышъэ шъхьантэм ущысэгъэчъый.

(Нанэ сабыир кушъэм хепхэ, мэ1абэшъ щэлъэ ц1ык1ум псы итэу, ащ к1энк1э фыжь хэлъэу къештэ, псым щыщ сабыим ынэгу щефэ).

**Н а н**. Мыщ фэ1уагъэр, к1энк1эр зэрэфыжьым фэдэу фыжьы охъуфэк1э ыгъэш1энэу ары.

**К1элэп1ур**. Сэри шъуипшъашъэ хъохъу къыфэс1онэу сыфай:

Дунэе нэфым зафэу укъытехь,
Узхэты ц1ыфхэм пащэу уафэхъу,
Ины узыхъук1э уянэ ш1у фаш1!
(псым щыщ ынэгушъо щефэ,
ш1ухьафтыныр фегъэт1ылъы).

**Хьак1эхэр**. 1. К1эдэ дашъхьэу,
Гушъхьэ лъынэу,
Пхъэшъхьэ-мышъхьэ бдэбагъу,
Уиузыгъуи ок1од,
Умык1одыжьэу укъэхъу.
2. Гъуч1ыпсэу,
псэ пытэу,
Бэгъаш1эу,
гъэш1э к1ыхьэу тхьэ уеш1.
3. Цызэм фэдэу зигъазэу,
Къазым фэдэу 1ушъабэу,
1ушъабэу, шъэбэрык1оу,
Гущык1оу тхьэ еш1!

**Н а н**. Тхьашъуегъэпсэух! Ш1оу щы1э пстэур тхьэм къыжъудегъэхъу. Джы апэрэ кушъэ орэдыр сипшъашъэ къыфэс1онышъ згъэчъыен, ет1анэ мэфэк1ым пытыдзэжьын.

(Нанэ кушъэ орэдыр къе1о).

Пчэдыжь нэфылъым укъэущын,
Бзыумэ япщынэ уезгъэдэ1ун,
Ай-ай, си1убыжъый,
Нап1эр зэтелъхьи, дахэу хэчъый.
Тыгъэм инурэ урысфэпэн,
Насып орэдыр сэ къыпфэс1он,
Ай-ай, си1убыжъый,

Джы зыушъэфри, 1аш1оу хэчъый.
(Кушъэр 1уахы, агъэуцу).

**Н а н.** Мыщ фэдэу кушъэхапхэ заш1ык1э зэрэрагъажьэщтыгъэр джэгук1эу «Къое пых». Къое гъугъэр пыш1агъэу,ар агъэхъыезэ цэк1э къэуубытынфае. Къуаер пытэшъ, уфэмысакъмэ п1упэ 1аеу ыгъэузыщт.

**К І э л э п І у р.** Сэ «Къое пых» тик1элэц1ык1ухэр езгъэш1эщтых. Хэта нахь л1ыбланэу шъухэтыр. (Къахещы, егъэджэгух).

Къуаер гъугъэ,
Къуаер 1усы,
Зынэ хафэр,
Зынэ щыгъучъэр,
Къое гъугъэм къерэцакъ!

(К1элэц1ык1ухэм ащыщ горэм ы1упэ егъэузы, зегъэгусэ).

**Нан.** Зигъэгусагъа, сэ1о!?

**К І э л э п І у р.** Гъэгусалэмэ апае орэд ц1ык1у тэш1ч Ащ нахьыбэу зыми зимыгъэгусэжьынэу а орэдыр къафэт1ощт.

( Орэдэу « Тэ ащ фэдэм тыфэмый», гущы1эхэр зыер Мырзэ Дз.
Орэдышъор зыер Натхъо Дж.

**Н а н.** Орэд ш1агъо къытфэш1у1уагъ. Ар зэхэзыхыгъэмэ джы ащ. нахьыбэрэ загъэгусэжьынэп. Адэ джары зык1а1уагъэр «Чыр ц1ынэзэ къэуф, к1алэр ц1ык1узэ гъасэ».

**Хьак1эмэ ащыщ.** Ары, п1уныгъэ-гъэсэныгъэм адыгэхэм мэхьанэшхо ратыщтыгъ ык1и раты. Ащ фэгъэхьыгъэу гущы1эжъэу ти1эри бэ: «Шъуиунэ зыщыгъаси, хасэ к1о».

**К І э л э п І у р.** Тэ тик1алэми ащ фэдэ гущы1эжъэу аш1эрэр бэ, ахэм ямэхьанэхэми, къарык1хэрэми гу лъятэгъатэ.
(К1элэц1ык1ухэм гущы1эжъхэр къа1ох).

Мак1эу 1о, бэу ш1э.
Жъыр зыгъаш1орэр, ц1ыфмэ ш1у алъэгъу.
Шъуашэмэ анахь дахэр — ук1ыт.
Зышъхьэ зымылъытэжьрэм, лъытэныгъэ хэлъэп.
Гупшыси псалъэ, зыплъыхьи т1ыс.
Уижъ ы1орэр ш1э, уик1э ыш1ырэр шхы.
Хьак1эмэ ащыщ. Гущы1эжъ дэгъубэ шъош1э, шъогъэфедэуи къысш1ош1ы, шъухъупхъэ дэдэх, 1эдэб дахи шъухэлъ.

Адэ усэ ц1ык1ухэр ш1ош1эхэмэ шъукъытфеджэба.

**К1элэп1ур.** Тик1элэц1ык1ухэм усэу аш1эрэр бэ. Ащ
ащыщхэм джы къышъуфяджэщтых:

1. Адыгэ 1ан. Зытхыгъэр Нэхэе Р.
2. Хьалыгъур гъэлъап1э. Зытхыгъэр Жэнэ Къ.
3. Ным игущы!. Зытхыгъэр Нэхэе Р.

**Н а н.** Тхьашъуегъэпсэу, усэ дэхабэ зэхэтэжъугъэхыгъэ. Джы адыгэ джэгук1эу шъуш1эрэмэ тыкъяплъыщт.

**Нан.** Адэ пшысэхэр шъош1эха?
(**к**1элэц1ык1ухэм пшысэу «Унэ ц1ык1у» къаш1ы)

**К1элэп1ур.** Къашъохэу «Зэфак1у», «Зыгъэлъат», «Удж» шъуядгъэплъыщт.

(Къашъохэр къаш1ых).

**Н а н**. Тхьашъуегъэпсэух, сик1элэц1ык1ух. Сыдэу непэ тыжъугъэтхъэжьыгъ, тимэфэк1и жъугъэдэхагъэ. Сипшъашъэ шъощ фэдэ хъумэ лъэшэу сигопэн. Насыпыш1оу, еджэгъэшхоу шъохъух. Дунаир мамырэу, шъуятэ-шъуянэхэр жъугъэразэу, жъугъэгуш1охэу шъущы1энэу шъуфэсэ1о!

**К1элэп1ур**. Шъуикъуае зэрэпытагъэм фэдэу,
Шъуипшъашъэ псаунэу,
Тызэрэчэфыгъэм фэдэу, чэфыгъо пылъынэу,
Пылъым лые римы1оу.
Ра1орэр ыгъэцак1эу щы1энэу тетэ1о.

**Н а н**. Шъопсэу!

**Хьак1эмэ ащыщ**. Дунаир рэхьатэу, тиуашъо мамырэу, непэ Сэтэнае имэфэк1 зэрэдэхагъэм фэдэу ищы1ак1и дахэу илъэс бэдэдэ ыгъэш1энэу тыфэлъа1о.

**Н а н. Тхьашъуегъэпсэу.**

**К I э л э ц I ы к I у р**. Щэпсэух дунаим адыгэ лъэпкъхэр,
Дахэшъы дахэ, ягугъэ нэпкъхэр,
Тыгъэм к1эгуш1ух. Ощх дахи паплъэх,
Яхьэсэ ш1агъуи ч1ылъэм щэшъхьалъэ.
Ц1ыфыр къафэхъумэ, гуш1уагъом пае
Шхончык1э ошъогум дэуаех

(Мэщбэш1э Исхьакъ иусэ щыщ).

**К I э л э п I у р**. К1эухым орэдэу «Дахэ сидунай» зэк1эми къызэдэт1ощт, гущы1эхэр - Мэщбэш1э И., орэдышъор - Натхъо Дж.).

**Н а н.** Шъопсэух, тимэфэк1 къырихьыл1эгъэ пстэури Джы ти1анэ шъуесэгъэблагъэ!